ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ТЕ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№158 (22.816) • 2014 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 12, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Юрий яхуигъэувауэ щытахэр зэрагъэзащІэр къапщытэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий ІэнатІэ щхьэхуэхэр къэзылъахъэ гугъуехьхэр дэгъэкІыным хуэгъэзауэ нэхъ япэкІэ къигъэувауэ щытахэр зэрагъэзащІэр къэпщытэным теухуауэ республикэм и Правительствэм и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

АБЫ щыхэплъащ республикэм и транспорт инфраструктурэр къэгъэщІэрэщІэкІынымкІэ лэжьыпхъэхэм. Псом хуэмыдэу зэкІэлъмыкІуэщ санитар транспортым и щытыкІэр. Абыхэм кІыхэзрагъэсэбэпын хуей пІалъэр имыкІауэ зы автомашини яхэтхьым. Абы кІыхэкІыу КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм КІуэкІуэващ Налшык, Бахьсэн къалэхэм, центральнэ район сымаджэщхэм папщІэ санитар автомашинэу 60, абыхэм «Мерседес», «Форд», «Фольксваген» фирмэхэм ящІауэ 15 хэту, къызэращэхун ахъшэ дызэрыт илъэсым и щэкІуэгъуэ мазэм нэсыху зэрагъэпэщыну. Апхуэдэу 2014 гъэм кІуибыдэу троллейбусыщІэу 10 кІащэхуну, цІыхухэр къыззэрыращэкІыр ирагъэфІэкІуэну я мурадщ.

ЗэІущІэм щедгъэуащ Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я республикэ унэр зэрызэрагъэпэщыжым теухуа отчетым. Абы къызэрыхэщамкІэ, иджыпсту Іэхуущапіэм и унащхьэр зэрагъэпэщыж, щхьэгъубжэхэр зэрахъуэкІ, щІыхьэпІэр зыхуей хуагъазэ, зэрыщыту унэр лэжьыгъэм кІвезэгъуу зэгъэпэщыжыным пыщІа Іэхухэр ирагъэкІуэкІ. Апхуэдэу школхэр гъэ ешдэгъуэщІэм хуэгъэхьэзырыным гупыэтэхуэ хуащІ. Абы кІэлъопІъ КЪБР-м ЕгъэджэнагъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхухэмкіэ и министерствэм къыщызэрагъэпэща комиссэр. Мыгувэу къызэІуахынущ сабий 550-рэ зэрыщеджэным хуэщІауэ Іэдиижу поселкэм дащІыхьа школыр. Зэреджэну тхылъхэр къащэхун папщІэ республикэм и школхэм сом мелуан 20 (зыхуеинум и процент 85-р) трагъэшащ.

ЗэІущІэм хэхуэ щытепсэлъыхьащ цІыхухэм хуащІ медицинэ Іэхэхутхьбзэхэр егъэфІэкІуэным. Дызэрыт илъэсыр ирихьыу иджыри фельдшер-акушер пункту 38-рэ къызэІуахынущ, дохутыр амбулаторэхэр мыгувэу Тэрч районым щыщ Инарыкъуей, Май районым щыщ Ново-Ивановскэ къуажэхэм хьэзыр щащІынущ. Ислъэмей къуажэм и амбулаторэр иджыри къэс зыщІэсар 1937 гъэм ящІауэ щыта унэрщ. Абы нэгъэсауэ хуэзэрагъэпэщыжащ мы жылэм щІа колхозым и правленэу щытар. Абы и пщІантІэр зэІуэзэпэщ щІын зэрауХыу медицинэ Іэхэущапіэр ягъэІэпхъэунущ.

Зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ бюджетым и Іэнатіэ псоми папщІэ налогхэр къызэрыхахым, абы и лъэныкъуэкІэ щыІэ хэкІыпІэ псори къэгъэсэбэныным. Тэмэму къэпльытэ хьунукъым, жаІащ къэпсалъэхэм, автомашинэ Іэгъувпіэм хэхуэу мазэм сом мин 500 къыщыІэрыхьэм и деж налогыу итыр сом мин 50 фІэкІ зэрымыхъур. «Закон щыщІэкІэ, - Правительствэм, Налогхэмкіэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІхэм захуигъазэри жиІащ КІуэкІуэ Юрий, - мис а законым тКІийуэ тету фылэжьэн хуейщ».

ЗэІущІэм къыщІэта Іуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ мэкъумэш ІэнатІэм кьит хъерым хэгъэхъуэныр. А ІэнатІэм 2015 гъэм зыкъыдигъэзэн хуейщ. Ди республикэм и дежкІэ абы мыхьэнэшхуэ иІэщ. Абы кьыхэкІыу къалэн пьыхьыкІахэр яубэыхуащ къуэжьдэсэм ядэІэпыкъуным, ГъавэгъэкІынымрэ Іэщ гъэхъунымрэ зегъэужьынымрэ, фермер лэжьыгъэр япэкІэ гъэкІуэтэным хуэунэтІауэ. «ИпэжьпІэкІэ республикэм зедгъэужьыну дыхуейм, - кьыхиГъэщхьэхуэкІащ КІуэкІуэ Юрий, - дэ мэкъумэш хозяйствэм икІэщІыпІэкІэ ди гупэр хуэдгъэзэн хуейщ».

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ япэ игъэщІапхъэу щыІэ социально-экономикэ къалэнхэр дзгъэкІыным пыщІа нэгъэущІ Іуэху зыбжанэми.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Сыт Мукомоловыр зыгъэпІейтейр?

КІуэкІуэ Юрий КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ УФ-м и Президентым и деж Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ щІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ советым хэт Мукомолов Александр.

ЗЭІУЩІЭм къыщІэтащ республикэм шынагъэнщагъэ къыщызэгъэпэщынымрэ хабзэр щыхъумэнымрэ япыщІа Іуэхухэм. Къащтэмэ, журналист КІуащ Тимур щІыхэкІуэдам и щхьэусыгъуэхэр къыщІэгъэщыным хабзэхъумэ органхэр зэрелэжьым и гугъу ящІащ. КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщхьэхуІащ а гузэвэгъуэм и щхьэусыгъуэхэр нэсу кьахутэн папщІэ Іэщ Іагъэлі нэхъ Іэкіуэльапіэ дыдэхэр елэжьын зэрыхуейр. КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм кьигъэльэгъуащ Мукомолов Александр зи пашэ гупым мамырыгъэр гъэбыдэныкІэ, хъыбарыншэу кІудахэр къэльыхъуэжьынымкІэ, Кавказ Ищхьэрэм и цІыхуэхэр хэзыгъэльэдэну хуэщІэкъуэм япэщІэтынымкІэ къалэнышхуэ зэрагъэзащІэр.

А махуэ дыдэм Мукомолов Александр яхуэзащ КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъэншагъэмкІэ и советым, апхуэдэу цІыхухэм я хуитыныгъэхэм къащхьащыж Іуэхущ Іапіэу КъэбэрдейБалъкъэрым щыІэ-хэм я унафэщІхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

●Мэшыкъуэ-2014

Меликов Сергей къыхелъхьэ

«Мэшыкъуэ-2014» зэхьхьэм щыІэхэм я махуэхэр гъэщІащ Іуэхугъуэ щІэщыгъуэхэмкІэ. Щыщхьэ Іуэм и 8-м УФ-м и Президентым и поломочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм щыІэ Меликов Сергей «Мэшыкъуэ-2014» щІалэгъуалэ зэхьхьэм хэтхэм яІущІащ.

АР ТЕПСЭЛЪЫХЬАЩ илъэсих и пэкІэ щыщхьэуІум и 8-м Осетие Ипщэм къыщыхьауэ щыта Іуэхугъуэхэм. Абыи, мы гъатхэм Кърымыр Урысейм къыззрыгухьэжами къэралым и цІыху куэдым я гум къыщигъэушащ хэку лъаГъуныгъэ: зэкъуигъэуваш, зэриГъэубыдащ. Меликов Сергей къызэрилъытэмкІэ, ІуэхугъуэрэщІалэгъуалэми зыхащІэн хуейщ.

- «Мэшыкъуэр» илъэсым и кІуэцІкІэ зэпымыуІэ дгъэлэжьэн мурад гуэрхэр диІэщи, фыкъыддэІэпыкъуну фыфщІугъуГ. Ар щІэныгъэм щыхагъахъуэ, щэнхабзэм щыхуагъасэ, щызэчэнджащ утыкуу щытынущ, - жиІащ Меликовым. ИкІи зэхуэсым щыІэхэр кьыхуриджащ абы кьыщащІэ, щызэрагъэлъагъу псори я гум ирауБыдэну, кьыздикІа щІыпІэхэм сэбэпынагъ зыпылъ Іуэхухэр щалэжьыну.

ЩІалэгъуалэм УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэм ирата упщІэхэр нэхъыбэу теухуат егъэджэныгъэм. Меликовыр тепсэлъыхьащ егъэджэныгъэр егъэфІэкІуэнымкІэ, Іулъхьэм пэщІэтынымкІэ Іэмалу щыІэхэм.

Ноби «Мэшыкъуэ-2014»-м щыІэхэм хьэщІэ яІэщ. Абы кьахуеблэгъащ «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м и генеральнэ унафэщІ Верещагин Сергей. Ар ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щІалэгъуалэмрэ «КСК» ОАО-мрэ зэрызэдэлажьэ щІыкІэм. Абы зэхуэсым щыІэхэр иригъэблэгъащ илъэсым и кІыхьагъкІэ лажьэ «Архъыз» зыплъыхьапІэ-зыгъэпсэхупІэм, «Мэшыкъуэ» зэхуэсым хэту «КСК» ОАО-м иригъэжьа зэпеуэми щигъэгъуэзащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Адыгэхэм я щІэблэр зэрагъэцІыху

●Тырку

Дунейм щикъухьа адыгэхэм я щІэблэр зэрызыгъэцІыху зэхьхьэм и япэ махуищыр щІэщыгъуэ защІэкІэ гъэнщІауэ екІуэкІащ.

Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, хабзэм, гъэсэныгъэм, узыншагъэр хъумэным теухуа семинар щхьэпэхэм ныбжьыщІэхэр щІагъэдэІуащ профессор Бажэ Нуфсет, Нэгъуей Яшар, Бурсэ щыІэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Бырдж Шериф, дохутыр Едыдж Данэ, илъэс 23-кІэ полицэм къулыкъу щызыщІа Кьэзан Ахьмэд сымэ, нэгъэущІхэми. Абы кьищынэмыщІауэ, ныбжьыщІэхэр адыгэ жылэхэм яшэурэ я лъэпкъэгъуэхэм я щыІэкІэ-гъэсэныгъэм щагъэзащІ. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я щэнхабзэм теухуауэ щытащ Арилэ кьуажэм щрагъэкІуэкІа пшыхьыр. НыбжьыщІэхэмрэ хьэщІэ лъапІэхэмрэ хуабжьу я гуапэ хъуащ Щынэкъуэ хьэблэ дэс нанэ Іумахуэ ЛІыщІэрыІуэ Хъаджэт кьызэригъэхьэщІар. Адэкіэ хьэщІэхэр Соуджакъ кьуажэм, абы и Іэхэлъахэхэм зыщрагъэпІъыхьащ. ИтІанэ, жэщыбгым фІэкІыху адыгэ джэгу зэхэтащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Тырку Республикэ, Бурсэ вилайет.

●●● хэтахэм я процент 52-м щІигъур зи телъхьэу щытар аращ. Къэбгъэльагъуэмэ, я президентыр езыхэм зэрыхахьжым щыгуфІыкІэхэр куэд дыдэ хъурт - апхуэдэ гукъыдэж зыщІар къэралым щыпсэухэм я процент 73-м щІигъурт.

УнафэщІхэр трегъэкІ

Украинэм и дзэр Іэщэфащэкіэ къызэгъэпэщынырэ щІэныгъэ зэрагъэкІыну унафэ ищІащ а къэралым и президент Порошенкэ Пётр.

Апхуэдэ унафэ къыдигъэкІыным лъабжьэ хуэхъуар къэралым и прокуратурэ нэхъыщхьэм иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэм къигъэльэгъуа мыхъумыщІагъэхэрщ.

«Сэ зыхъумэжьныгъэмкІэ министр Гелетей Валерий и пащэ ислъхьащ департаментитІым я унафэщІхэр тригъэкІыну. Япэр - материально-техникэ лъабжьэр кІызэгъэпэщыным тендерхэр хэгъэуцыным, зи пащэ дэлъарщ, етІуанэр - Іэщэр хэущэхуныкІэ жэуап зыхьыирц», - жиІащ Порошенкэ.

Зыри зыпэмыплъа жэуап ткІий

Ди къэралым къыхуэгъэзауэ экономикэ къуэдыкъэр зыгъэнъуа къэралхэм жэуап зэрыратыж Іуэхухэр щыуБзыхуа Унафэу УФ-м и Президент Путин Владимир тхьэмахуэ кІуам Іэ зыщІидзам дуней псор къызэщІигъэхъеящ.

Унафэм ипкъ иткІэ Урысей Федерацэм къарагъэшэнукъым ди къэралым щыщ къулыкъущІэхэр, Іуэхущапіэшхуэхэм я унафэщІхэр зи щІыналъэ изымыгъэхьэ къэралхэм я продукцэхэр. Путиным УФ-м и Правительствэм зэрыхуигъэувам тету, хэІуцІыу ящІащ ерыскъыхэкІ, сырье лІэужьыгъуэу къаШэу ямыдэнухэр. Ахэр кьыззэрІамыхыну пІалъэри яГъэбелджыпащ - зы илъэскІэ тетынущ а хабзэм.

Европэ Советым хэтхэри, США-ри, ахэр дзэыбгъа адрей къэралхэри щыгугъакъым Урысей Федерацэм апхуэдэ лъэбакъуэ тКІий ичыну. ПхъэщхьэмыщхьэкІэ, гъэшхэкІкІэ, мэкъумэшхэкІкІэ, лыхэкІкІэ Урысейм сату кьыддэзыщу щытахэр иджы зэрызохъэ, ящІэнур ямыщІэу. Уеблэмэ, ягъуэта хэщІыныгъэхэр США-м яхуипшынымкъым, зэриГъэжьэкъуам щхьэкІэ жэуап ихьын, я продукцэхэр абы ищхьэн хуейуэ къэзыгъэувхэрэ мащІэкъым.

Эрдоган Тайип и текІуэныгъэ

Щыщхьэуіум и 10-м Тыркум щекІуэкІащ президент хэхыныгъэхэр. А къэралым и унафэщІыр иджы япэ дыдэу ціыхубэм хахауэ аращ - нэхъапэм апхуэдэ хуитыныгъэ зиІэр парламентыр.

Дыгъуасэ наІуэ къызэрыхъуамкІэ, Іэлэтим щытекІуар Тыркум и премьер-министру илъэсипщым щигъуэуа лажьэ Эрдоган Тайипщ. Хэхыныгъэхэм

♦Каспий тенджызым и дунейпсо махуэщ

♦ЩІалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ

♦УФ-м и Дзэ-Хьэуа Къарухум я махуэщ

♦1949 гъэм къащтащ заузм лей зыщытехьахэм къаззэрыщхьэщыж щыІа щыбгъэхуа Женевскэ конвенцэхэр.

♦1953 гъэм СССР-м дунейм щыяпэу водороднэ бомбэ игъэунэхуащ.

♦2000 гъэм Баренцевэ тенджызым щыщІилъэфащ «Курск» атомнэ псы щІагъэрыкІуэ кхъухьыр. Абы иса щыхуи 118-ри хэкІуэдащ.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бырхьэм Михаил** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Франджым и президент **Олланд Франсуа** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» - сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщы-тынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 22 - 23-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Зэкъуэтыныгъэм и шэсыпІэ

●Зэныбжьэгъугъэ-2014

Налшык къалэ и «Ридалэ» шхапІэм щыІэхуащІыжащ илъэс еханэ хъуауэ екІуэкІ «Зэныбжьэгъугъэ» республикэ Іуэхур.

ЗЭХЫХЪЭР иригъэкІуэкІащ журналист, уэрэджьыІакІуэ Атаев Азнор. Абы зэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ «Зэныбжьэгъугъэр» хабзэр Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къаззэрыдекІуэжІыр, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм щыщ цІыхухъуэхэр ныбжьэгъу зэрыгъэхъуу, зэкІэлъыкІуэу зэрыщытар, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэпыщІэныгъэм мы Іуэхум зэрызригъэужьыр.

Фигу къэдгъэкІыжьинщ «Зэныбжьэгъугъэ» дунейпсо Іуэхум Кавказ Ищхьэрэм, Итщэ Федеральнэ щІыналъэм хьыкІэ республикэхэм, Осетие Ипщэм щыщ щІалэу 60-м щІигъу зэрыхэтар.

ЩІалэгъуалэ политикэмкІэ департаментым и унафэщІ КІурашин Анзор хьэщІапІэ щыІа щІалэхэмрэ ахэр езыгъэблэгъахэмрэ я унагъэхэм фІыщІэ яхуищІащ, щІалэхэр кьыхуриджащ зэкІэлъыкІуэну, зэрыгъэныбжьэгъуну, ехъуІэныгъэ куэд яІэнуи екъуэхъуащ.

Аттаев Азнор зэрыжиІамкІэ, Іуэхум хэта щІалэ 60-м ныбжьэгъущІэхэр яІэ хъуащ, ахэр щыхьэщІа лъэпкъым, унагъуэм зэрахьэ хабзэхэм зыщагъэгъуэзащ. Махуитхум кьриубыдэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щІыналъэм и республикэхэм щыІа щІалэхэм щІыпІэ дахэхэм зыщрагъэпІъыхьащ.

ЩІалэхэр тепсэлъыхьыжащ ягу нэхъ кьинэжахэм, унагъуэхэр къазэрыІущІам, гъунэгъу лъапкъхэм я хабзэхэм, я псэуІэм, я гъащІэм щыщу къащІахэм, кьыхуащІа гуЛыгъэ щІэх зэращымыгъупщэнум, махуэхэр псынщІэу зэрыблэлъэтам.

Ди щІыналъэм щыхьэщІахэм Іуащхьэмахуэ лъапэ, ШэджэмпсымкъелъхьэкІ, Гуэл щхъуантІэм, Тамбукъан гуэлым, ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэм зыщрагъэпІъыхьащ, щІыналъэм щыпсэухэр зрагъэцІыхуащ, школхэмрэ къуажэхэмрэ ирагъэблэгъащ, лъэпкъ щхьныгъуэхэр Іуагъэхуащ.

Зэхьхьэм хэта щІалэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ щІыхь тхылъхэр, сертификатхэр, фэепль саугъэтхэр тыгъэ хуащІащ.

Іуэхур «Хэкупсэ» зэгухьэныгъэм 2009 гъэм ди республикэм зэрыщрагъажьэрэ абы хэтащ Кавказ Ищхьэрэм щыщ щІалэгъуалэу 300-м щІигъу. Іуэху дахэм и фІыгъэкІэ щІыналъэ зэхуэмыдэхэм щыщ щІалэхэр къуэш зэхуэхъуащ, я унагъуэхэри илъэс бжьыгъэ хъуауэ зэкІэлъокІуэ.

«Институт проблем гражданского общества» зэгухьэныгъэм мы Іуэхум мылькукІэ зыкъыщІегъакъуэ. КЪБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и министерствэр ядоІэпыкъу.

ЗэІущІэр ягъэдэхащ «Балкария» къэрал ансамблым, уэрэджьыІакІуэхэу Бекъул Асльэн, Гергокаевэ Хьэлимэт, Атмурзаев Эльдар, нэгъуэщІхэми.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

●КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм

Къэрал газетхэм фыкІэлъыплъ

КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и хэщІапІэм дыгъуасэ щрагъэкІуэкІащ республикэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискхэхэр езыгъэтха хэхакІуэ зэгухьэныгъэхэм телерадио каналхэм эфир зэманыр пщІэнщэу щыхухаха пхъэидзэ.

АБЫ хэтащ «Урысей зэкъуэт», «Захуагъэ зэдэщІэ Урысей», АДПР, «ЩхьуантІагъэ», «Жэку», «Яблоко», КПРФ, «Лэжьыгъэ зэгухьэныгъэ» политикэ партхэм я щІыналъэ къудамэхэм я лІыкІуэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ Джэш Вячеслав пхъэидзэм щІидзэн и пэ къихуэу къыгъэлъэгъуащ а Іуэхур щыІэ хабзэм ткІийуэ тету къызэрызэрагъэпэщыр, парт спискэхэр бюллетенхэм зэритым хуэдэу зэкІэлъыкъуэ эфир зэманыр зэрыт тхылъымпІэхэр чэзууэ къызэрыхахынур.

- Кандидатхэм я спискэхэр тхыныр зэфІэкІа нэужь, ІэІэтыр екІуэкІыным махуэ 32-рэ иІэжу эфир зэманыр пщІэнщэу ятегушэн хуейщ. Законым и 22-нэ статьям и япэ Іыхьэм зэрыжиІэм тету, Іуэхур зэхьэлІауэ эфир зэманыр зэрыт тхылъымпІэхэр чэзууэ къызэрыхахынур.

- Кандидатхэм я спискэхэр тхыныр зэфІэкІа нэужь, ІэІэтыр екІуэкІыным махуэ 32-рэ иІэжу эфир зэманыр пщІэнщэу ятегушэн хуейщ. Законым и 22-нэ статьям и япэ Іыхьэм зэрыжиІэм тету, Іуэхур зэхьэлІауэ эфир зэманыр зэрыт тхылъымпІэхэр чэзууэ къызэрыхахынур.

- Кандидатхэм я спискэхэр тхыныр зэфІэкІа нэужь, ІэІэтыр екІуэкІыным махуэ 32-рэ иІэжу эфир зэманыр пщІэнщэу ятегушэн хуейщ. Законым и 22-нэ статьям и япэ Іыхьэм зэрыжиІэм тету, Іуэхур зэхьэлІауэ эфир зэманыр зэрыт тхылъымпІэхэр чэзууэ къызэрыхахынур.

- Кандидатхэм я спискэхэр тхыныр зэфІэкІа нэужь, ІэІэтыр екІуэкІыным махуэ 32-рэ иІэжу эфир зэманыр пщІэнщэу ятегушэн хуейщ. Законым и 22-нэ статьям и япэ Іыхьэм зэрыжиІэм тету, Іуэхур зэхьэлІауэ эфир зэманыр зэрыт тхылъымпІэхэр чэзууэ къызэрыхахынур.

АБЫ хэтащ «Урысей зэкъуэт», «Захуагъэ зэдэщІэ Урысей», АДПР, «ЩхьуантІагъэ», «Жэку», «Яблоко», КПРФ, «Лэжьыгъэ зэгухьэныгъэ» политикэ партхэм я щІыналъэ къудамэхэм я лІыкІуэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Налшык и автобус къэувыІэпІэхэм я щытыкІэр зыхуэдэр

Налшык къалэ округым и муниципальнэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм автобус къэувыІэпІэхэм я щытыкІэр къащІащ икІи ахэр зэгъэпэщыжынымрэ зэІуэпэщ щІынымрэ текІуэдэнур зыхуэдизыр къалъытащ.

ПСОМИ зэрытлъагъущи, языныкъуэ къэувыІэпІэхэр зэкІэлъымыкІуэщ, фаджэщ, сыту жыпІэмэ, зэгуэр апхуэдэ комплексэр ящІыну икІи зэман кІыхькІэ зыхуей хуэзэу зэрахьэну къалэм зэгурыІуэныгъэ езыщІылІауэ щыта хьэрычэтыщІэхэм ящІыщ куэдым я къалэнхэр ягъэзащІэркъым.

Къалэ администрацэм коммунальнэ хозяйствэмрэ зэІуэпэщыныгъэмкІэ и управленэм и Іэщ Іагъэлі эм къызэрабжамкІэ, автобус къэувыІэпІэу Налшык щыІэ 188-ри зыхуей хуэгъэзэным сом зы мелуанрэ мин 380-рэ текІуэдэнущ. Апхуэдэу щІэуэ къызэІуаха къэувыІэпІэ 18-м щхьэ зытелъ щІэуваПІэхэр щагъэуващ.

Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхуэхэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Лъэпкъ Іущ Іагъэ:

Бжьахъуэм и фор зэбграхырти, езыми зы фо Іэмыщ Іэ къыхихыжащ.

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зи школ щІэтІысхьэгъуэ мыхъуахэр щагъасэ и Іэнатіэр къэгъэщІэжыныжкІэ аргуэру ялэжьыпхъэхэм трагъэкІуэдэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ бюджетхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкІ субсидиехэр 2014 гъэм зэрыхухах икІи зэрытрагуашэ хабзэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м Налшык къалэ №165-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа унафэ №387-рп-р гъэзэщІэн мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэщтэн мы унафэм щІыгъуэгу:

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зи школ щІэтІысхьэгъуэ мыхъуахэр щагъасэ и Іэнатіэр къэгъэщІэрэщІэжыныжкІэ аргуэру ялэжьыпхъэхэм трагъэкІуэдэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ бюджетхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкІ субсидиехэр 2014 гъэм зэрыхухах икІи зэрытрагуашэ хабзэр:

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зи школ щІэтІысхьэгъуэ мыхъуахэр щагъасэ и Іэнатіэр къэгъэщІэрэщІэжыныжкІэ аргуэру ялэжьыпхъэхэм трагъэкІуэдэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ бюджетхэм хуэхах субсидиехэр зэрытрагуашэр.

2. Мы унафэм текІуэдэну ахъшэр къыхагъэкІ зыхуэфащэ финанс илъэсымрэ къэкІуэну лъэхъэнэмрэ ятещІыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъшэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхъухэмкіэ и министерствэм хухахым и хьэкъкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ УЯНАЕВ Казым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м Налшык къалэ №166-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэгъэпэщыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм мазаем и 11-м къыдигъэкІа Указ №930-УГ-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм теухуа Положенэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэриштым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм нэхъыбэ дыдэу щылажьэхэм я бжыгъэр 22-рэ, абыхэм я къулыкъухэм тещІыхьауэ я мазэ лэжьапІщІэ фондыр сом мини 124,7-рэ хъуурэ икІи ар аппаратыр къыбгъэдэкуэ Іуэхухэм елэжьын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкІыну гъэувын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэр хуит щІын унафэщІым и къуэдзэу зы иІэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ УЯНАЕВ Казым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м Налшык къалэ №167-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэгъэпэщыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм мазаем и 11-м къыдигъэкІа Указ №930-УГ-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм теухуа Положенэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэриштым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм щылажьэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ дыдэу 66-рэ, абыхэм ящыщу 61-р къэрал къулыкъущІэу икІи я къулыкъухэм тещІыхьауэ мазэ лэжьапІщІэ фондыр сом мин 330-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Іэнатіэм химиуныдэз къулыкъухэр зыІыгъ лэжьакІуэу 5-м я мазэ лэжьапІщІэ фондыр сом мин 22,7-рэ хъуурэ гъэувын икІи а ахъшэр аппаратыр къыпащыт къалэнхэм телэжьынымрэ трагъэкІуэдэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыхухахам къыхэгъэкІын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэр хуит щІын министрым и къуэдзэу плІы иІэну.

4. Къару ямыІэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкІэлъыкІуэхэм:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и Іуэхукіэ» №168-ПП-м щІэту 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм теухуа Положенэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» №2-ПП-м щІэту 2013 гъэм щІышылэм и 10-м къащтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ УЯНАЕВ Казым

Хэку зауэшхуэр къыщэрыхьеям и хъыбар зэрыщэхахыу. Налшык дэт дзэ комиссариатым и бжэІупэм цІыхур Іуву къыщыщэхуэсу хуэжьащ апэ махуэхэм къыщыщІэдзауэ. Абыхэм яхэтт фронтым дашыну тхылъ зыІэрыхьахэри, езыр-езыру зауэм дэкІыну хуеихэри.

Зауэ илъэсхэм щыгъуэ

• Налшык - 290

ДИ КЪЭРАЛЫМ и цІыхухэм захуигъаззу Молотовыр радиомкІэ къэпсэлъа нэужь, ди республикэм къалащхьи и Іуэхущ Іапі Іэхэм, щІыпІэ псоми хуэдэу, зэІущІэхэр щекІуэкІащ. Абыхэм щыжаІэрт Іэщэр къащтэну, Хэкур бий бзаджэм щахъумэну дэтхэнэри зэрыхьэзыр. Налшык МТС-м и трактористкэ Блэныхь Доле хъыджэбзкэр къыхуриджащ, щІалэхэр фронтым кІуэмэ, тракторхэм, комбайнхэм ирилэжьэну.

1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м Налшык щекІуэкІащ бзыльхъугъэхэм я зэхуэс. Абы къыщащтащ Сталиным хуэгъэзэа тхыгъэ щхьэхуэ, республикэм щыпсэу бзыльхъугъэхэр фронтым папщІэ ялъэкІ къамыгъанэу зэрылэжьэнур, хуей хъуумэ, Іэщэ къащтэу зэуапІэми Іухьэну зэрыхьэзырыр иту.

ФокІадэм и 9-м Налшык къэсащ фронтым уІэгъэ щыхъуахэр зэрылъ мафІэгур. Абы илъа сэлэятэхэм сащыщащ сэри. КъалэкІыхьым къыщыщІэдзауэ Налшык нэс ди эшелоныр хуэмурэ къильэфауэ щытащ «щынэкІэ» зэдджэ паровоз щІыкІум. ГъэщІ гъэугу Іуфэм Іус къуажэхэм щыпсэухэм уІэгъэхэр щІыпІэм къашауэ къыздэращІэу, абы къекІуалІэу хуежьащ, я Іыхьлы е я цІыхугъэ абыхэм яхэтмэ къащІэну. Къармэхьэлэ щыщу Уанащ Іэхэ я зы щІалэ ист ди вагоним, цІыхухэм я упщІэхэм жэуап иритурэ, и тэмакъыр икІауэ щытащ.

Налшык и гъущІ гъэугу станцым дыкъыщысам щыгъуэ абы цІыхубзхэр тезт. Абыхэм къалъыхъуэрт я благъэхэр, апхуэдэуи уІэгъэхэм ерыскъыкІэ яхуэгуапэрт. УІэгъэхэр Іузыш машинэхэр абыхэм ерагъыу япхыкІыф къудейт. Дэ дашэрт хэти пединститутым и унэм, адрейхэр Кировым и цІэр зезыхъэ санаторэм, ещанэхэр - щІалэ школ №1-м къащыщэрагъэпщэ сымаджэщхэм. Сэ сызытелъ носилкэхэр автобус кІэщІ цІыкІу гуэрым ирагъальэдащ, си щхьэр щІыбымкІэ щыІэу. Автобусыр цІыху Іувым хуэмурэ щакІуэцІрыкІым, зы бзыльхъугъэ гуэрым дэлэнитІ къысІэщІилъхьащ. Джэш зыдэлъ дэлэнитІыр зэхуэдгуэшри псынщІэу тшхащ. Си гъащІэм нэхъ ерыскъы гурыхь сымышкани ярейт, апхуэдизу ар Іэфі сщыхъуати...

Офицерхэр зыщІэлъ палатэм сыщІагъэгъуэльхьащ сэри. ЕрыскъыкІэ дэ къытхуэсакъырт Кировым и цІэр зэрихьэу Лэсхэн куейм щыІэ хозяйствэр. Абыхэм къытхуашэрт хъарбызи, хъуэани, пхъэщхьэмыщхьэ куэди.

Педучилищэм и студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ куэд дэмыкІыу къащІащ сымаджэщым къаша сэлэт уІэгъэхэм а еджапІэм и гъэсэну щыта зэрахэтыр. СыкъэзыщІыхуажхэм ящыщу 3-нэ курсым щеджэ хъыджэбзхэр щІэупщІакІуэ накІуэрт щІэх-щІэхъыуэ. Зэгуэрым ныщІыхьат есэпымкІэ дезыгъаджэу щыта нэмыцэ щІалэ Корт Александр.

ЩІэупщІакІуэ ныткъуэкІуэхэм щыгъуазэ дащІырт республикэм, абы и къалащхьэм щекІуэкІхэм, газетхэр ныткъахьырт. Фронтым къикІ хъыбархэм хуэдэ, дэ тфІахьэлэмэтт Налшык и Іуэху зыІутри. 1941 гъэм и бжыхьэм абы щекІуэкІащ Іуэхуугъэ купщІафІэ куэд. Апхуэдэу унафэ къащтащ зауэ хуэІухуэщІэхэм еджакІуэ нэхъыжьхэмрэ балигъхэмрэ Іэмал имыІэу хуегъэджэн хуейуэ. Апхуэдэу фронтым папщІэ ягъэхьэзырырт щІымахуэ щыгъынкІэ. Налшык дэт заводэхэм щащІу хуежьащ лагъымхэр, щэхэр. Жэпуэгъуэ мазэм щІадзащ ди къалащхьэр хъумэным хуэгъэпса Іуэхугъуэхэр зэфІэхын: танкхэр зыщхьэпрымыкІыфын кІэнауэхэр датІыкІырт, дотхэр ягъэувырт, Налшык къыдыхьэ-дэкІыжхэр къыщапщытэ пунктхэр къыхэрагъэпэщырт. Дотхэм ящыщ зы щапІауэ щытащ НКВД-м (иджы ФСБ-м) и унэм здэщытым дэж. ЩІыпІхэм кърашэлІат цІыху мин 17-м нэс. Абыхэм нэхъыбэу яхэтыр цІыхубзхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэт, студент щІалэгъуалэри я гъусэу. ЩэкІуэгъуэ мазэм унафэ къащтауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр щууей дивизэ республикэм щыпсэухэпсэным теухуауэ. Къыхэгъэщыпхъащ а дивизэр къызэгъэпэщыным епха псори: шыхэри, Іэпсльэпсхэри, щууейхэм я фащэхэри, уеблэмэ Іэщэхэм ящыщ гуэрхэри - ди щІыпІэм щыпсэухэм я мылъкум къызэрыхэкІар.

1941 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм къриубыдэу налшыкдэсхэм шхынрэ щыгъынкІэ къызэрагъэпэщащ 24-нэ бригадэр, дыгъэгъаззэм и кІэцІкІэ 63-нэ бгылъэ фочауэ дивизэм дэІэпыкъущ лъагаПІэм узэрыдэкІ хъу Іэмэпсымэхэмкіэ зэщІэуэздэнымкІэ.

Бийр Москварэ Ленинградрэ зэребгъэрыкІуэм къыхэкІыу, а къалэхэм щыІэ Іуэхущ Іапі Іэхэр Кавказымрэ къуэкІыпІэ щІыналъэхэмрэ ягъэІэпэхъуэу хуежьащ. Налшык къэкІуауэ щытащ Немирович-Данченкэ зи пашэ артист гупышхуэ, физкультурэмкІэ институту Ленинград дэтыр, Полтавэ щыІэ дзэ-трактор училищэр, нэгъуэщІ Іуэхущ Іапі Іэхэри. УІэгъэхэм ди дежкІэ хуабжу щІэгъэкъуэныщхьэхэр, ди гукъыдэжыр къэзыІэтт къэралым и щыхъарым къикІа артистхэм я зыкъэгъэльэгъуэныгъэхэр. Концертхэм щІадзэн и пэкІэ медсестрахэм сценэ хуэдэм деж къахьырт къэмытэджыфу пІэм хэлъ уІэгъэхэр.

1941 гъэм и дыгъэгъаззэм 2441-нэ уІэгъэщым щІэлъ сэлэятхэр Долинск и зыгъэпсэхупІэхэм ящыщ зым ягъэІэпэхъуащ, пединститутым и унэм фронтым щыхуагъэхьэзыр курсхэр къызэрыщыІэуахам къыхэкІыу.

Фронтыр гъунэгъу къызэрыхъуам щхьэкІэ къэмынэу, налшыкдэсхэм ялъэкІ къагъанэртэкъым къапэщылъ къалэнхэр зэфІэкъынымкІэ. Къалащхьэм дэт Іуэхущ Іапі Іэхэм илъэс планыр ягъэзэщІауэ щытащ проценти 112,4-кІэ. 115-нэ щууей дивизэми зауэм зэрыІухьэным ерыщу зыхуигъэхьэзырырт. ЩІакъуэ башхэр сымыІыгъыу къэкІухьым зэрыщІэздзэжу, сэ мызэ-мытІэу сыкІуащ щууейхэр щагъэхьэзыр курсхэм, абыхэм драгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм сакІэлъыплъмэ сфІэфІу. Сэлэтхэр хуагъасэрт сэшхуэкІэ зэуэным, Іэпщэрыбанэм, лъэсыдзэм узэрезэуэнум. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм ялъэгъуатэкъым танкхэр икІи ящІэртэкъым абыхэм яхуэзэмэ, зэрапэщІэтыну щІыкІэр. 1942 гъэм накъыгъэм и 2-м полковник Скороход фронтым ишауэ щытащ налшыкдэсхэм зауэм сыт и лъэныкъуэкІи хуагъэхьэзыра щууей 5600-рэ. Пльагъуну гухэхъуэт Аушыджэр щыщ Къардэн Мухьэмэд, партым и Іуащхьэмахуэ райкомым и секретарь Чеченов Джэбрэ Іил, осетин щІалэ Галачиев Къасым сымэ, артиллеристхэу Куэтэншы ТІаляерэ Бурлаков Мухъталрэ я щууей гупэр екІуу зэрыблэкІыр. Дивизэм и пашэхэт политрукхэу КІэрэф Къамболэт, Уэзы Хьэжмудар, Черкесов Сарбий сымэ.

1942 гъэм и шыщхьэІум Ставрополь крайм гъунэгъу дыдэ къыхуэхъащ нэмыцэ-румын дзэхэр. Абы щыгъуэ Налшык Іэпхъуащ 9-нэ советыдзэм и штабыр. Куэд дэмыкІыу Долинск щылажьэу хуежьащ 37-нэ дзэм и штабри. Абыхэм я унафэкІэ республикэмицІыхухэмрэ Іэщхэмрэ ягъэІэпэхъуэу хуежьащ. Шыщхьэ Іум и 14-м ди дзэр Бахъсэн бгъэдыхьащ икІи кІуэрыкІуэм тету Кыщпэк лъэныкъуэмкІэ ар щаубыдащ. КыкіэлъыкІуэ махуэм къуажэр нэмыцэхэм къыІэщІахыжьфащ ди зауэІхэм, арщхьэкІэ бийми икІуэтын мурад иІэтэкъым. Шыщхьэ Іум и 18-м Къызбрун деж щыщІидзащ 910-нэ лъагапІэм папщІэ екІуэкІа ззэауэ гуащІэм. Налшык хъуащ зауэм и гъунэгъу щІыпІэ. Къалэм дэс комсомолцхэм «Чинар» фабрикэм и кІуэцІым зэман кІэщІым къриубыдэу щагъэхьэзыращ Іэрыщ І лагъыму 15000-м щІигъу икІи Іэрагъэхьащ 275-нэ, 295-нэ гвардие дивизэхэм я зауэлІхэм. Генерал-майор Козловыр зи пашэ 37-нэ дзэм и зауэлІхэм, налшыкдэсхэр ядэІэпыкъуурэ, махуэ 70-кІэ бийр щызэтраІыгъэфащ Бахъсэн и деж.

ЩытыкІэр нэхъ гугъу хъуат фокІадэ мазэм нэмыцэхэм Котляревская станицэр яубыду 37-нэ советыдзэр фронтым и адрей дзэхэм пэІэщІэ щащІам. Къалэм щыгъур, медицинэ хьэпшыпхэр, щэхэр къемэщІэкІ хъуами, абы зиІыгъ, зэрыльэкІкІэ биим пэщІэту. Зи цІыху бжыгъэкІи, танкхэмкІи, кхъухьльатэхэмкІи советыдзэм екуэдэкІ нэмыцэдзэм жэпуэгъуэм 25-м ебгъэрыкІуэныгъэр иублащ. Нэмыцэ кхъухьльатэ 50-м нэс къалэм къыщхьэщыхьауэ абы лагъымхэр къытрагъэщащэрт, цІыхухэри ухуэныгъэхэри хьэлэч зэтращІэу.

Жэпуэгъуэм и 26-м биидзэр Налшык къыдыхьащ. 2-нэ гвардие дивизэмрэ НКВД-м и 11-нэ дивизэмрэ я зауэлІхэр махуитхукІэ хахуэу пэщІэтащ бийхэм. Тхьэмахуэм къриубыдэу ди сэлэтхэм зэтраукІащ биидзэм щыщу зауэлІ миным щІигъу, танк 50-м нэс, кхъухьльатэ 14 якъутащ. Налшыкдэсхэм ящыщ куэд сэбэн яхуэхъурт ди зауэлІхэм, псом хуэмыдэу уІэгъэ хъуахэм. А лъэхъэнэм ди къалэр зыхъумауэ щыта сэлэт Зеленкиным зэриІэжамкІэ, ар уІэгъэ хьэлъэ хъуа нэужь, налшыкдэс бзыльхъугъэхэу Лукшина Зинэрэ Гончаренкэ Анярэ ажалым кърагъэлащ. Я деж ящэри абы щеІэзащ, кьэтэджыф хъуа нэужь, ди зауэлІхэм Іэрагъэхьэжащ.

Налшык зыубыда биим ары щиІэувырт езым и хабзэхэр: лажьэншэу цІыхухэр зэтриукІэрт, леишхуэ зэрахьэрт. Балигъхэм я гъусэу абыхэм яукІырт лажьэ зимыІэ сабийхэри. Къалащхьэм зэрыдэса мазитІым и КІуэцІкІэ абыхэм яукІащ цІыху 600-м щІигъу, зэтраукІуащ псэупІэ унэу 117-рэ, хьэлэч ящІат Правительствэм и Унэр, заводхэр, фабрикэхэр, къалэ советым и унэр, Пионерхэм я уардэунэр, театрыр, сымаджэщхэр, поликлиникэхэр, курыт школу 9, элеваторыр, библиотекэхэр, педучилищэм и унэр, псы зэрыкІуэ бжьамийхэр, электролинеехэр, нэгъуэщІхэри.

1943 гъэм щышылэм и 4-м бийр Налшык дахужащ. Арыхэу цІыхухэр занщІэу зэуж ихьащ фІыуэ ялъагъу къалэр зэгъэпэщыжьыным. ЩІышылэм и 5-м апхуэдэ Іуэхугъуэхэм хэтыну гукъыдэж ящІакІэт налшыкдэс минхэм.

ПОЛИЦЫК Иван,
Хэку зауэшхуэм и ветеран.

Іуэху гугъу

• Май щІыналъэ

Новоивановскэ къуажэм дэт консерв цехыр и гущІэгъуэгу мэлажьэ.

«ЛЕНИНЦЫ» мэкъумэш предприятэм ей цехыр езы СХПК-м кьигъэкІ хадзэкІхэм зэрелэжьыжьым Іуэхур сыт и лъэныкъуэкІи къащагъэпсынщІэ.

Иджыпсту зи чэзу нащэмрэ помидорымрэ гъэфІэІуным цІыху 18 йолажь. Цехым и технолог Дерябинэ Ириндэ щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, фІэІугъэхэр гъахьэзырыныр Іуэху тыншкъым икІи абы пэрыт дэтхэнэ зы лэжьакІуэми жэуапныныгъэ хэлъу, ищІэр хъуурэ щытын хуейщ.

Бригадэм зы махуэм хуэзэу къыщІегъэкІ литри 3 зэрыхуэ банкІыу 200, литрэу мини 2-м нэс. Ахэр хъумапІэм щІагъэувэ, щэхуакІуэхэм зэрыщІашыным хуэдэу хьэзыру. ИужькІэ ахэр районым ит еджапІэ Іэнатіэхэм, республикэм и сату щапІэхэм ирагъэшэнчу. Новоивановскэм и фІэІугъэхэм щІэупщІэшхуэ щаІэщ Московскэ областым, Краснодар, Ставрополь крайхэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэмри.

Нащэ, помидор гъэфІэІуахэм къищынэмыщІауэ, мы Іуэхущ Іапі Іэм щІидзауэ егъэхьэзыр томатыпІсымрэ томат-пІасТэмрэ.

СХПК-м иджыблагъэ пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъупІэ игъуващ, кьыпщІэм щелэжь линие иутІыпщыну зегъэхьэзыр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

• «Адыгэ псалъэ»-90

«Ленин гъэугу» газетыр илъэс 50 щрикъум траха сурэтщ мы фльагъур.
1974 гъэ, накъыгъэм и 25

• Шэрэдж щІыналъэ

Комплексым и теплъэ хъунур.

Щаухуэнущ Къэщкъэтау фэеплъ екІу

Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу Къэщкъэтау щагъэувынущ хэкІуэда совет зауэлІхэм я фэеплъ. Ар иджыпсту щыІэ фэеплъым пызыщэн икІи зы комплексу зэтезыгъэувэн дажьыгъащ. А комплексыр хуагъэпс Къэбэрдей-Балъкъэрыр, мы поселкэр лІыхъужьыгъэ яхэлъу зыхъума сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ.

МЫ ЗЭМАНЫМ фэеплъыр щагъэувыну щІыпІэр зэтес ящІауэ бетон лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ. А псори щІыІэ мыхъу щІыкІэ зэфІагъэкІынущ. Зыхуэфащэ конкурс екІуэкІрэ мы Іуэхум елэжьыну подрядчик нэхъыщхьэр яубыхуа нэужь, езы фэеплъыр ухуэным щІадзэнущ.

Къэщкъэтау поселкэм и администрацэм и Іэтащхьэ Уянаев Азрэт зэрыжиІамкІэ, фэеплъыр щІыным, республикэ комиссэм къызэрилытамкІэ, сом мелуани 10 хуэдиз текІуэдэнущ. Комплексыр къызэІуахынущ ТекІуэныгъэ иныр илъэс 70 щрикъу махуэм - 2015 гъэм накъыгъэм и 9-м.

КУЖОНОВЭ Эльмирэ.

ЩІалэгъуэ

Нобэ ЩІалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ

«Лъагъунытъэм и къару»

● Шыхулъагъуэ

Нартокъуэ Анжелэ

Зэрыщ1эщи, дунейм удз зэмылI эужьыгъуэу гъэщIэгъуэн куэд тетщ. Ахэр хэти илъэс къэс къоклыж, хэти илъэс зыбжанэм зэ «къытхукъоплъ», яэыныкъуэжм илъэс пщIырыпщIкIэ щIым и Iэфыщ зэхуахьэс. Ди нобэрей лъэпкъ литературэр илъэс куэдкIэ къэмыкIыжу цIыхур зыхуэзыгъэныкъуэ удз хущхьуэм ебгъэщхь хъуну къызольытэ.

Абы куэдкIэ ещхьщ ди тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я Iуэхур. КъыпытхыкI къудейм къищынэмыщIауэ, абыхэм яхэтщ зэгъусэу, уеблэмэ щхьэхуэу тхылъ къыдэзыгъэкIхэр. Псом нэхърэ нэхъыщхьэрэщи, ахэр я бзэкIэ матхэ, литературэм хэлъхьэныгъэ хуащIыфыну пIэрэ жиIуэ, гугъэ кьыпхалъхьэ.

Хьэх Сэфарбий зи унафэщI «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэр илъэс 1щIым нэблэгъауэ адыгэбзэкIэ тхэ ныбжьыщIэхэм я кьигъэхуэпIэщ. Куэдым я нэIуасэщ абы и гъэсэнхэр. Абы-хэм ящыщщ **Нартокъуэ Анжелэ**.

Ар Бахъсэн куейм хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм 1985 гъэм къыщалъхуащ. ЕгъэджакIуэхэр щагъэжьэзыр колледжым кьиухащ 2005 гъэм. Абы и тхыгъэхэр щIэх-щIэхыпрэ кьытохуэ ди республикэм кьыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ.

Анжелэ илъэс куэд щIауэ «Шыхулъагъуэм» иокIуалIэ, и Iэдакъэщ1экIэмкIэ ди республикэм кьыщацIыху.

ЦIыхум и хьэл-щэнымрэ и Iэдакъэщ1экIымрэ куэдкIэ зэщхьщ, ар хьэкъ пщещI Анжелэ. Пщащэ Iэдэбым, гъэсам, нэфIэгуфIэм и тхыгъэхэри ешхьжщ.

Художественнэ тхыгъэм и пщ1э кьалэн куэд дэлъщ, тхыгъэм уэзреджэу пIэщIэхуж мыхъуу, абы и IэфIыр уи Iум кьинэу, гъащIэм уэзыщрихьэлIэ Iуэху, уэригъэувэ щытыкIэ елъытауэ уигу кьиГъэкIыжу, щIэгъэкъуэн пхуэхъуу щытщ. Нартокъуэм, и ныбжьым емылъытауэ, и Iэдакъэщ1экIхэм гупсысэ куу ящIэлъщ, и пэм щыщIэдзауэ, и кIэм нэс гъащIэр къэзыщIыхуам и бзэ щытауэ. ЩIалэм и адэр дунейм зэрехьжрэ куэд щIат. Лыжьымрэ и щхьэгъусэмрэ бын зэдагъэтатэкъыми, щIалэр зэщхьэгъуситIым кьуэ яхуохъури, унагъуэ дахэу тIысыкъауэ рассказыр еух.

ЩIалэгъуэр лъагъунытъэм и зэманщ, зы тхакIуи щыIэу кьыщIэкIынкъым а гурыщIэ IэфIым темытхыхьауэ е ар езыхэм зэрызэхащIэр къагъэлъэгъуэну хущIэмыкIуауэ. Анжелэ и тхыгъэхэм нэхъыбэу щыпхышар лъагъунытъэм и къуэпсырщ. Ауэ пщащэр лъагъунытъэм тепсэлъыхь къудейкIэ зэфIигъэкIыркъым, абы щIэджыкIакIуэр кьыхуреджэ гухэль дахэр кьызыхуэкIуэ дэтхэнэми ар ихьумэну. «Лъагъунытъэм и гъэныхь» рассказыр аращ зыгъуэхуар.

Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаIэщ, ар зыгъэунэхуахэм ящыщщ тхакIуэ ныбжьыщIэм и Iэдакъэщ1экI «Гум и лъагъуэ» рассказым хэт лIыхъужьхэр. ГъащIэм ныбжьыщIэм и насып зэрыщыуым, ар абы зэрыхуэпабгъэм теухуащ рассказыр. НатIэм итхам уэз рыфIэмыкIыфынум щыхьэт тохъуэ тхыгъэр. Сюжетыр зыхуэкIуэнур кьэпщIауэ ушигугъэм, зеIуанIщIри щIэщыгъэуэ еух тхыгъэр.

Абыхэм къищынэмыщIауэ тхылъым итщ «ГъащIэм и пцIымрэ и пэжымрэ», «Гум и щхэу», «Лъагъунытъэ уз», «Псэ псори зэныбжьщ» рассказ гъэщIэгъуэнхэр.

Нартокъуэм адыгэ лъэпкъ литературэм лъэбакъуэ хичА къудейми, абы и псалъэр щIэщыгъуэщ, и гупсысэр жанщи, дыщогугъ дяпэкIи адыгэбзэ зыIурылъ дэтхэнэри и Iэдакъэщ1экIэмкIэ дигъэгуфIэну, и тхылъым щIэупщIэ иIэну.

ДЗЭГЪАЩТЭ Нусэ.

Жьыр зыгъэщIалэу щIэр зыгъэдахэ

● Ди хьэщIэщым


Бэджыдэ Фаризэт

Яэыныкъуэхэм реставраторыр хирургым ирагъапщэ, хэти «зи Iэпэ дыщэ кьыпыщ» жеIэ абыхэм щхьэкIэ. Ауэ, сэ кьыззэрыслъытэмкIэ, фэнщэ хъуа дунейм псэ хэзылъхьэж гъатхэрщ реставраторыр зэщхьщ. Жьы хъуа хьэпшып, сурэт лъапIэхэм гъащIэщIэ етыжьныр, къэгъэщIэрэщIэжьныр ауэ кьызэрымыкIуэ кьалэнщ. IэщIагъэр кьызэрыуэнхуэр куэд мыщIами, лъэпкъым апхуэдэ Iэпэ-Iэсэхэр сыт щыгъуи кьыдэгъуэгурыкIуащ. ИтIанэ кьыжьIапхъэщ, ди зэманым а IэщIагъэ мытыншыр кьыхэзыхыр куэд зэрымыхъур. ГуТ1ухъым иригъэкIуэгъэм ящыщтэкъым ди хьэщIэщым кьытхуеблэгъа пщащэ зэкIужьыр. Бэджыдэ Фаризэт и хьыбар зэхахмэ и гуапэу ди редакцэм и анэшхуэм кьишат. Дэри пщащэм и IэщIагъэр щызэхэтхьм нэхъ гъунэгъуу зэдгъэщIыхымэ ди гуапэу, депсэлъащ. КьызэрыщIэкIымкIэ, аращ Байрон Штиглиц и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт Художественнэ-промышленнэ академием КъБР-м щыщу ящэу щIэтIысхьар.

- Сэ сыкъыщалъхуари сыкъыщыхъуари Къэбэрдей-Балъкъэрыщ, Налшык дэт 14-нэ гимназием ебгъуанэ классыр кьыщызэуха иужь, си адэ-анэм я гъусэу Санкт-Петербург дыIэпхъуэн хуей хъуащ. Абы 189-нэ школым сыщыщIэтIысхьащ.

Сэ сызэрыщIыкIуэр гъуазджэм сыдихьэхырт, хэпIэныхь сщIыртэкъым, ауэ нэхъыбэу сызытхэкъур сурэт щIынырт. Школ нэужьым художествэмкIэ школым сыкIуэрт. ЗэрызгъэщIэгъуэнур сщIэртэкъым абы дэт школыр Налшык ейм куэдкIэ кьызэрыкIэрыхур. Школыр кьэзыуха иужь, нэхъ сигу ирихьэ IэщIагъэхэр щадж факультет зыбжанэм си тхыльхэр щIэслъхьати, си насып кьрихьэкIри, реставратору седджэну сыкъащтащ.

- Уи ныбжьэгъуэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ кьызэрыбгъэнар уигу къеуакъэ хьэмэрэ кьалэ дахэм занщIэу уитхьэкъуа?

- Пэжыр жысIэнщи, а зэхъуэкIыныгъэхэр си дежкIэ тынщу щытакъым, уеблэмэ гъэунэхуп1эшхуэт. Си ныбжьхэм еджэныжкIэ садэхъуми, куэдрэ хамэу сыкъалъытащ. Ауэ зэманым и кьалэн игъэзэщIащ, абы игъэзэкIуэжащ псори. Налшык сыщыщеджа зэманым хуэдизкIэ школым сызэрыкIуар лъабжьэ быдэ эхуэзхъуауэ кьызолъытэ. Аращ япэу сурэтыщI Iэзэ КIыщ Мухьэдин щызэгъэщIыхъуауэ щытар, апхуэдэ цIыхухъуэхэм кьару мыкIуэщI кьыпхалъхьэ.

ЕджанIэр си дежкIэ щIэщыгъуэт, гъэщIэгъуэнт, нэхъыщхьэращи, абы кьызит кьарумрэ гукъыдэжымрэ нэхъыбэжым сытрагъэгушхуэрт. ИлъэсихкIэ седджауэ мы гъэм кьэзухами, си щIэныгъэм иджыри хэзгъэхъуэн мурад сиIэщ. Сэ хуабжьу сыщIохъуэпс Франджым щыIэ Сорбоннэ университетым и магистратурэм сыщIэтIысхьэну.

- Зыгуэр зэбгъэзэхуэж нэхъри, щIэрыщIэу пткьымэ куэдкIэ нэхъ тынщщ. Реставратор IэщIагъэр кьыхащIыж хуей щIэхъуам и гутъу уэзгъэщIынут.

- Сэ хуабжьу фIыуэ солъагъу тхыдэ зиIэмрэ жьы хъуа хьэшыпхэмрэ. Псом хуэмыдэу, сурэтхэр тхыдэм и гъуджэщ, абыхэм уеджэфмэ, куэд кьыбгурыIуэнущ. ШыIэныгъэшхуэ гъащIэм щысхэлъу схужьIэнукъым, ауэ лъэкыгъэм сетIысылIэмэ, шыIэныгъэм я нэхъ иныр кьыслъыкъуокIри, зэманыр зэрыкIуар кьэзмыщIэу блолъэт, ар кьызыхэкIыр си IэщIагъэр фIыуэ зэрыслъагъур ауэ кьыщIэкIынуц. А IэщIагъэм набдзэгбдзапIъэ ещI, куэдым гу лъыуегъатэ. Ди хъурея-гъыр зэрыщыту гъуазджэщ, тхыдэщ. Нэр кьызэтепхыу узыIупльэм тхыдэ имыIэу зыри яхэткъым.

- Ущеджам, щэч хэмылъу, лэжьыгъэ гуэрхэмкIэ фи зэфIэкIыр къапщытэу щытащ. Уэ къохъуаIауэ пдыгтэу сыт хуэдэ лэжьыгъэ уиIэ?

- Зауэ зэманым ди еджапIэм и блынхэр лэчкIэ ялати, апэ курсым ар зэфIэдгъэувэжащ. Шэч хэмылъу, ар икъучIэ лэжьыгъэ гугъущ, апхуэдэ дыдэуи гъэщIэгъэунэщ. ЕтIуанэ гъэм гъущIым делэжьын хуейти, сэ унагъуэ бей гуэрым ейуэ, 17-нэ лIэщIгъэм ящIауэ, гъуапIъэм кьыхэщIыкIа кумбыгъэ зэзгъэпэщыжауэ щытащ. Иджыпсту ар ди еджапIэм и музейм щахъумэ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейт сурэтыщIхэм я Iэдакъэщ1экI гуэрхэми сызэреле-жьар, сэри сурэт щIыным сызэрыдихьэхыр.

- Фаризэт, пыухыкIауэ зы лэжьыгъэ гуэрым уелэжьыну ущIэхъуэпсу къыщIэкIынущ...

- КьызэхъулIэри сигу зыхыхьэри сурэтхэрщ. ГъэщIэгъуэнракъэ, кьысIэрыхьэ лэжьыгъэхэр зытхар ящыгъупщжаеу е ящIэхэхэркъым. Си диплом лэжьыгъэр зытезухуа сурэтыр зейр Кушакова Татьянэт. Абы щIыуэпсым и дахагъэр кьызэригъэлъагъуэр сфIэгъэщIэгъуэнщ. СызыщIэхъуэпсым и гугъу пщIымэ, ар лэжьыгъэ нэхъ инжам, игъэкIэ сымылъэгъуа щIэщыгъуэ гуэрхэм зеспщытынырщ.

- Уи IэщIагъэм ирилажьэхэм я дежкIэ сыт нэхъыщхьэр?

- Шыгъэныгъэ. Уемызэшу куэдрэ улэжьэн, хэпIэныхь уимыIэу сыт хуэдэ Iуэхуми нэIуасэ зыхуэпщIын хуейщ. Iэзагъэм лэжьыгъэрщ хэзыгъахъуэр.

- Уи адэшхуэ-анэшхуэм, хэкум укъезыщIэжь дъабжьэхэм кьицынэмыщIауэ, ди республикэм сытым упищIэрэ, абы хуиIэ лъагъунытъэр уи Iэдакъэщ1экIхэм кьахэщтэ?

- СызэрыщIыкIуэр си анэшхуэ Сасыкъ Анетэ пэхъун си дежкIэ щыIэкъым, ар си щапхъэщ, дэIэпыкъуэгъущ, сыт хуэдэ Iуэхуэри псынщIэ сщищIу, сытригъэгушхуэу сиIэщ. Гъуазджэр, литературэр фIыуэ сэзыгъэлъэгъуар аращ, инджылзыбзэр зэзгъэщIэнымкIи кьыздэIэпыкъуар нанэщ. Си адэ-анэмрэ си дедъхуэмрэ щыIэпхъуам сэ сыкъанэри адэшхуэ-анэшхуэм я гъусэу ильэскIэ сыпсэуауэ щытащ. Нобэр кьыздэсым ахэр къэрэгъул бжьхьу кьысщхьэщытщ.

Епсэльар

ЩОМАХУЭ Залинэщ.

УсэбзэкIэ зэпсалъэхэр

● Зэпеуэ

Пэнагуэ Астемыр

Кьалмыкъ Юра и цIэр зезыхьэ «Адыгэ» фондым къиIэт Iуэху щхьэпэхэм хэту, адыгэбзэр фIыуэ зыIыгъу, уэсэ еджэныр зыфIэфIхэм я зэпеуэ иджыблагъэ ирагъэкIыкIащ. «Псэ зыIут адыгэбзэ» зыфIащ зэхьэзэхуэм хэтыну хуейхэм, уэсэ къеджэу ирагъэтхыурэ, ахэр фондым и сайтым ягъэхьащ. КьыхэгъэщIыпхъэщ, уэсэ къеджэну гупыж зыщIар зэрымымащIэр. Лэжьыгъэхэр кьапщытэну кьызэрагъэпэща гупым хэтащ усакIуэ цIэрыIуэ Бэлагъы Любэрэ КъБР-м и цIыхубз артист Къэбэрдокъуэ Муратрэ. Абы кьищынэмыщIауэ, зэпеуэм хэтхэм я зэфIэкIыр я нэкIэ зрагъэлъагъуу, ягу ирихьыныкIэ Iэ яIэтыну хуитт фондым и сайтым ихьэ дэтхэнэри. Мазитым ЩIигъукIэ ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм зи лэжьыгъэ езыгъэхьаxэм кьищынэмыщIауэ, абы кIэлъыплъа дэтхэнэми адыгэ макъ, уэсэбзэ зэхихащ, ди тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIхэм нэIуасэ зыхуащIыну Iэмал яIащ.

Зэпеуэм кърикIуахэр къагъэнэIуа иужь, текIуаxэм я цIэр ираIуащ. «Адыгэ усакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIхэр - урысбзэкIэ» Iыхьэм Лондон дэт университетхэм ящыщ зыш щеджэ **Хьэдэпашэ Маринэ** апэ ищащ, «Адыгэ тхакIуэхэм я тхыгъэр - адыгэбзэкIэ» Iыхьэм щытекIуащ «Галактика» щалэгъуалэ Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ **Ахьий Залинэ**, Интернетк1э зэпеуэм кIэлъыплъахэм I1эIэткIэ къихахар езым и уэсэ къеджэжа **Хьэлащтэ Айдемыркъанщ**, абы кьищынэмыщIауэ, нэхъ щIалэу зэпеуэм хэта, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ **Пэнагуэ Астемыр** «Адыгэ» фондым и саугъэт щхьэхуэ кьыхуагъэфэщащ.

ТЭРЧОКЪУЭ Данэ.



Ари гъэсныгъэм и зы Iыхьэщ

● Псапэ



Хэкужь хабзэжькIэ фIыщ. Абы щыхьэт тохъуэ иджыблагъэ Чернэ Речкэ кьуажэ щрагъэкIуэжIа концертыр, нэщI мазэр зэриухам, ныбжьыщIэхэм я школ кIуэгъуэр кьызэрылъагъам теухуауэ щытар.

Ар зи жэрдэмыр Чернэ Речкэ кьуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и художественнэ унафэщI, уэрэджьIакIэ Бекъуа Аслънэщ. Уеблэмэ щIалэщIэм егъэблагъэ тхылъхэр иригъэщIри, ахэр кьуажэдэж эзгъэжьхэхэм яхуигуэшащ, гулъытэнщэу, хъыбарыншэу зыри кьэмынэн хуэдэу.

Илъэс куэд щIауэ концерт зымылъэгъуа кьуажэдэхэм хуабжьу я гуапэу, я щIэщыгъуэу еблэгъат ЩэнхабзэмкIэ унэм.

Адыгэбзэ кьабзэ щыIу, хабзэ дахэхэр щагъэлъагъуэ пшыхьыр кьызэIуахари езыгъэкIуэкIари Дзэгъащтэ Азэмэтщ. Пшыхьым теплъэгъуэ гъэщIэгъуэнхэр ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым и артист Кьардэн Заур щигъэлъэгъуащ, уэрэджьIакIуэхэу Кьашыргъэ Аскэр, Тхьэмокъуэ Анзор, Шагъыр Астемыр, Хьэтыхъу Вадим сымэ кьызэхуэсахэм я гукъыдэжыр кьаIэтащ.

Зэхуэс гуапэм и кIэухым кьуажэдэс нэхъыжьхэмрэ хьэщIэ лъапIэхэмрэ псалъэ иратащ. Чернэ Речкэ кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Кьарэмырзэ Алексей кьыщыпсалъэм пшыхьыр кьызэзыгъэпэща щIалэщIэм фIыщIэ хуищIри жиIащ, пщIэншэу апхуэдэ Iуэху дахэ зэрызэфIихар кьуажэдэхэм я дежкIэ зэрыIуэхутхьэбзэшхуэр икIи дяпэкIэ, хуей хъумэ, защIигъэкъуэну зэрыхьэзырыр. ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Инджъэрэ кьэрал институтым и егъэджакIуэ КъуицIыкIу Валерэ пшыхьыр игу зэрырихьар, зэрыщымыгугъауэ кьызыхуэтыншэу зэрырагъэкIуэкIар кьыхигъэщащ и псалъэхэм.

Пшыхьыр кьызэзыгъэпэща Бекъуа Аслъэн кьызэрыджиIамкIэ, апхуэдэ Iуэху япэу хыхьауэ аращ, ар тыншуи щытакъым, ауэ гугъуехьыр щызыгъэгъупщэжа гукъыдэж кьызихащ, кьуажэдэсхэм фIы гуэр зэрахуищIам щыгуфIыкIыжащ. Мы Iуэхуэр зэфIэха хъунымкIэ Аслъэн кьыдэIэпыкъуащ концертхэр зэхэгъэувэнымкIэ режиссёр цIэрыIуэ Сапрыкинэ Галинэрэ «Версаль» рестораным и тхьэмадэмрэ.

Гъэгу техьэ тенэркъым. Бекъуам и мурадщ Iуэху ирихьэжьам пищэну.

Кьуажэдэсхэм нэгъуэщI зы хъыбарыфIи зэхахащ мы пщыхьащхьэм. КьэфэкIэрэ уэрэд жьIэкIэрэ зэзыгъэщIэну хуей кьуажэдэсхэр фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ ЩэнхабзэмкIэ унэм ирагъэблагъэ. Ари гъэсэныгъэм и зы Iыхьэщ.

ИНЭРОКЪУЭ Дисэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

● Интернетым дыкъыщоджэ

Тыгъэр къызыхуэнэжыр

Японием щыщ къуажэ цIыкIу гуэрым кьухьэпIэри къуажЕIыпIэри чэнджэщакIуэ кьыхуэкIуэу зы лIыжь цIыкIу дэст. Махуэ гуэрым еджакIуэ цIыкIухэм яхэсу абы къыбгъэдыхьащ и гущIагъэунашагъэмкIэ цIэрыIуэ хъуа бэнакIуэ щIалэ. Абы цIыхухэр зэгуигъэпэуэр я пIэ кьиришыри, итIанэебэныр икIи хигъащIэрт.

Арати, мурад щэху зыщIа щIалэщIэм лIыжьыр игъэпудын щIидзащ. ИкIагъэу кьыжьыдэмыкI щыIэтэкъым абы, ауэ лIыжьым кьыщыфIэмыIуэхум, щIалэр езэщри ежьэжащ.

ЯлъэгъуаргъэщIэгъуэн зыщыхъуа ныбжьыщIэ цIыкIуэхэр дадэм еупIащ:

- Сыт ар щIакIуэ кIапэ щIытумышар, ущышынауэ ди фIэщ хьункъым?

- Саугъэт кьыфхуэзэыхьам и тыгъэр къеIывмыхмэ, хэт кьызыхуэнэжыр?

- Къэзыхьам, - жаIэ зыжьэу ныбжьыщIэхэм.

- Апхуэдэ дыдэщ фыгъуэ-ижэм и Iуэхури. Умыгъэбатэмэ, кьызыбгъэдэкIам зэрыщыту кьыхуонэж.

● Псалъэжьхэр

Бзур зыIэтыр дамэщ

♦Адэ мыгъку бынгъэкIуэдщ.
♦Пэжымрэ насыпымрэ зэгуэшэгъущ.
♦Дунейр зыгъэнэхур дыгъэщ, зэзыгъэзахуэр щIэныгъэщ.
♦Псалъэ бзаджэ губзаджэщIщ, гурыщхъуэ щIыныр хуэмыхугъэщ.
♦Псалъэм уемыплъ, кьипсэлъым еплъ.
♦Бзур зыIэтыр дамэщ, цIыхур зыIэтыр акъылщ.
♦Псалъэ дахэм гъущIыр кьегъэш.
♦Жэщым и дахэр мазэгъуэщ, цIыхум и дахэр акъылщ.

ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ Вэрокъуэ Владимиррэ

Сэхъурокъуэ Хьэутий

Къыу пагэм хуагъэда бзылъхугъэ

● ФильмыщIэ

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI Вэрокъуэ Владимиррэ Мартиросовэ Ринэрэ Париж щытраха фильмыр иджыбдагъэ ягъэлъэгъуащ. Ар зытеухуар ди щIэджыкIакIуэхэм нэхъ ипэкIи фэдгъэцIыхуа балеринэ цIэрыIуэ, тхакIуэ, скульптор, актрисэ, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа бзылъхугъэ дахэ Щамырзэ Моникэ (Черинэ Людмилэ) и гъащIэрщ.

РЕЖИССЁР лэжьыгъэкIи гупсысэ къэлэтэкIэкIи фильмыр зыхуей хуэзыуэтехащ. Дызэрыщыгъуазэщи, IэщIагъэшхуэ бгъэдэлъами, Щамырзэ Моникэ куууэ зыхищIащ закъуэныгъэм и хьэлъагъыр. Ар Вэрокъуэ Владимир иргъэщхь Франджым емыжьэ щIыкIэ Кавказ къуршхэм щхьэщылъэтыкIыу илъэгъуа къыу хужьхэм къакIэрыхуа зым. Къуалэбзухэр лъэтэжьырт, арщхьэкIэ адрейр абыхэм якIэлъеIэми, зикI абы къехъулIэртэкъым... А тепльгъуэр фильмым и щIэдзапIэщ, абы узэщIеубыдэ, цIыхум лъэкIымрэ хуэзфIэмыкIынымрэ япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ урегъэгупсис. Лэжьыгъэм фIащари гурыIуэгъуэщ - «Одинокий лебедь». Моникэ къыум хуэдэу дахэщ, гуапэщ, хьэлкIэ пагэщ, и лъагъуныгъэр щыфIэкIуэдым, и псэр зыхэлъ къафэри пIалъэкIэ IэщIыб ещIыб, и жьы хъугъуэм и закъуэу, бынынщэу къонэ. ИтIани, Щамырзэ Моникэ хуэзфIэкIар мащIэкъым - цIыхум ягу къызэринамрэ Франджым абы и гугъу зэрыщащIымрэ урикъунщ...

Вэрокъуэ Владимиррэ фильмыр тезыхьу абы и гъуса и гупымрэ яIущIащ ди хэкуэгъу цIыхубзыр гъунэгъуу зыцIыхуа зыбжанэм. Дэтхэнэми къыхегъащ къызыхэкIа лъэпкъым и хабзэрэ теплъэрэ Щамырзэм далъагъуу зэрыщытар (и адэ Авенир адыгэ уэркът, урыс пащтыхым и полковникыу щытащ), и хьэл-щэнэр зэфIэувэнымкIэ щапхъэ зытрихар, езы Моникэ къызэрилъытэу щытамкIэ, и адэрщ. «Зы Iуэху гуэр иIэмэ, и кIэм нимыгъэсауэ ар шхэнэтэкъым, жеинутэкъым, абы кьыхэкIкIи гупсысэ гъэщIэгъуэн куэд сурэт щищIкIэ, скульптурэм щелэжькIэ утыку кьрихьэрт. Франджы бзылъхугъэхэм я нэхъыбэм ар къахэщырт хэль гущIэгъэмкIэ, иIэ гукъэкIымкIэ, цIыху хьэлэлу зэрыщытымкIэ. А псор абы бгъэдэлъа зэчийм я щIыIужкIэ...», - жеIэ франджы журналист Мазено де Софи.

Фильмыр тезыхьа гупым зрагъэлъэгъуащ, дэри иджы ди пащхьэ кърахьащ Франджым щыпсэуа балеринэ цIэрыIуэр зыщIэса унэм нобэ иIэ тепльэр, къыщинэмыщIауэ ахэр епсэлъащ Моникэ и ныбжьегъуу, дэIэпыкъуэгъуу ильэс 40-кIэ дэгъуэгурыкIуа Ансэлен Жан-Клод, щIэтащ бзылъхугъэр нужьрейуэ щалъагъужа члисэм. «И псэр щыхэмытыжми, ар нысащIэ хужьым ещхьт, сыщыIуплъам. И Iэпэхэр, и Iэпкълъэпкъыр сурэту щIа фIэкIа пщIэртэкъым», - жеIэ фильмым хэтхэм ящыщ зым.

«Налшык» НОТР-м кьиГъуэтащ фильм 22-м щыджэгуа, балеринэ гъуэзэджэу щыта, Европарламентым и Iуэхущапlэу Страсбург дэтым и гупэм щагъэувa «Европэр ди гущIагъэщIэлъщ» скульптурэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Щамырзэ Моникэ къыщыгъэлъэгъуа видеоархивхэри.

Вэрокъуэм щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, Щамырзэ Моникэ и ныбжьегъуу щытауэ ахэр зыхуэзэхэм кьагъэгъгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и музейм Щамырзэм и хьэпшыпхэм ящыщ тыгъэ къыхуащIыну.

«Фильмыр къызэрыкъхъулIам и нагъыщэ нэхъыщхьэщ ар екIуэкIыхункIэ пэщыр щыму зэрыщытар», - жиIащ КъБР-м и филармонием и симфоние оркестрым и дирижёр нэхъыщхьэ Темыркъан Борис.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, цIыхубэ усакIуэ Зумакуловэ Танзиля, КъБР-м ЦIыхухэм я хуитныгъэр зэхуэмынымкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, композитор ХьэIупэ Джэбрэ-Iил, режиссёр Гуэбэшы Амырбэч сымэ, нэгъуэщI куэди фильмыр тезыхьэхэм екъуэхъуащ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд жиIащ фильмыр зэрыщытыгъуэр дэгъуэ дыдэ зэрыхьуар икIи тхьилъ зыбжанэ Вэрокъуэм тыгъэ хуищIащ, лъэпкъым и набдзэу, и цIыху пажэу фильм зыхуэпщI хъуну куэд щыIэ. Дыщыгугъынщ дяпэкIи апщэдэ лэжьыгъэхэр тлъагъуну.

БАГЪЭТЭР Луизэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ХьэфIыщIэ Мухьэмэд

Гуэбэшы Амырбэч

ЕтIуанэ джэгугъуэмкIэ ирагъажьэ

● Футбол

Нобэ, щыщхьэуIум и 12-м, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2014-2015 гъэхэм щекIуэкIыну зэхьзззэхуэм щIидзэнущ. «Спартак-Налшыкыр» Нэзрэн къалэм щIыпIэ «Ангушт»-м щIыIущIэнущ.

НЭХЪАПЭМ зытраухуа пIалъэм мазэкIэ къыкIэрыхуауэ ди къэралым и ипщэ щIыналъэм хьыхь республикэхэм, крайхэм, областхэм футболымкIэ зэпеуэр етIуанэ дивизионым щызэхаублэнущ. ЩIэгувам и щхьэусыгъуэр Кърым хьтIыгу ныкъуэмрэ Севастополь къалэмрэ Урысейм и чемпионатым крашэлIэным зэман кIыхь зэрафIихьарщ. Иджы Iэхуур зэфIэкIа хуэдэщ.

Зэхьзззхуэр щыщIидзэнум пэплъэурэ езэша командзкэр икIэм-икIэжьым утыку кьихьэнущ. Абыхэм яхэтщ къалэн пыухыкIахэр мы гъэм зимыIэ «Спартак-Налшыкри». МыпТыкIэ зэрыпэмыпэщым къыхэкIыу япэ дивизионыр зыбгына ди командзр зэрыхуа щытыкIэ дыдэм къихутащ хьэрхуэрэгъу кьахуэхъунухэм яхэт Владикавказ и «Алания»-мрэ Волгоград и «Ротор»-мрэ. Ахэри, дауи, япэ увыпIэм щIэбэныныкъым икIи мыгъэрей зэпеуэр абы мыхьэнэншэ ещI – спортым и купщIэ нэхъыщхьэр пашэныгъэр зыIэрыгъэхьэнырщ.

ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым командэ 22-рэ хэтынущ. Ахэр IыхьитIу ягуэшащ. «А», «В» гупхэм командэ пщыкIуз-пщыкIуз хэтхэщащ. КъэкIуэкIыгъуитIкIэ ахэр зэдзэджэгуа иужькIэ дэтхэнэми и нэхъыфIихьыр зы ящIыжынурэ япэ-епщыкIутIанэ увыпIэхэм адэкIэ щIэбэныну, адрейхэр епщыкIущанэ-тIощIрэ етIуанэ увыпIэхэм иризэныкъэхъунущ. Абы щыгъуэми зэхьзззхуэм и япэ Iыхьэм зыIэрагъэхьа очко бжьыгъэм щыщу командзхэм къахуэнэжьнур етIуанэм хьэрхуэрэгъу къащыхуэхъуахэм къыфIаХьауэ щытаращ. Мыбы зэпеуэр зэрыщкIуэкIынур зы къэкIуэкIыгъуэкIщ.

Ди щIалэхэр зыхэхуа «В» гупым хэтщ Владикавказ и «Алания», Нэзрэн и «Ангушт», Мэхъэчкъалэ и «Анжи-2», Астрахань и «Астрахань», Ставрополь и «Динамо ГТС», Новочеркасск и «Митос», Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ», Волгоград и «Ротор», Таганрог и «Таганрог», Грозн и «Тэрч-2» командзхэр.

Мыгъэрей зэхьзззхуэм тхьэмахуэ ипэкIэ щIидзэн хуеящ. АрщхьэкIэ и пIалъэм зэремыхьлIам къыхэкIыу япэ джэгугъуэр благъэкIыу етIуанэмкIэ ирагъажьэну унафэ къащтащ, ар иужькIэ ирагъэкIуэкIыжьын хуэдэу.

«Спартак-Налшыкыр» гупыщIэу зэхуашэсыжауэ зэпеуэм хохьэ. Нэхъапэм хэтахэм ящыщу абы къыхэнэжар мащIэ дыдэщ. Пэжщ, дызэрыщыгугъам хуэдэу ар ди щIыпIэм къыщалъхуа щIалэхэмкIэ аргуэру зэхагъэуваткъым. Щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэйщ-увыпIэ пIалъэм щIэмыбэныну гупым апхуэдизу хамэ къыщIыхэпшэнур сыт, ууейхэр лъэныкъуэ ебгъэзу? Хъунт ахэр ди щIалэхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ Iэзэу, узыдэплъей хъуну щытамэ.

Дапхуэдэу щымытми, зэхьзззхуэм нобэ щIедзэ. Щэч хэлъкъым «Спартак-Налшыкым» и фащэр зыщыгъыу джэгупIэ губгъуэм къыхьэнуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэхэм я щIэгъэкъуэныгъэ- зэрыхуейр. Дыщыгугъынщ абыхэм ар яГуэтыну икIи ди республикэм и щIыхьэр хуэфащэу яхъумэну гукъыдэжрэ зэфIэкIрэ къабгъэдэкIыну.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

ПэщIэдзэ зэIущIэхэр

ЕтIуанэ дивизион, «Ипщэ» гуп

ЕтIуанэ джэгугъуэ
Шыщхьэ уIум и 12
(гъубж)
«Ангушт» (Нэзрэн) - «Спартак-Налшык» (Налшык)
«Анжи-2» (Мэхъэчкъалэ) - «Алания» (Владикавказ)
«Таганрог» (Таганрог) - «Тэрч-2» (Грозн)
«Астрахань» (Астрахань) - «Ротор» (Волгоград)
«Митос» (Новочеркасск) - «Динамо-ГТС» (Ставрополь)

Ещанэ джэгугъуэ
Шыщхьэ уIум и 20
(бэрэжьей)
«Спартак-Налшык» - «Анжи-2»
«Тэрч-2» - «Ангушт»
«Ротор» - «Таганрог»
«Динамо-ГТС» - «Астрахань»
«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Митос»

ЕплIанэ джэгугъуэ
Шыщхьэ уIум и 26
(гъубж)
«Алания» - «Спартак-Налшык»
«Анжи-2» - «Тэрч-2»
«Ангушт» - «Ротор»
«Таганрог» - «Динамо-ГТС»
«Астрахань» - «Мэшыкъуэ-КМВ»

● БэнэкIэ хуит

Безырыр токIуэ

Мэзкуу областым хьыхь Дзержинск къалэм щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ мастер-ветеранэр зыхэта Урысей чемпионат. Абы бжьыпэр щиубыдащ Аруан районым бэнэкIэ хуитымкIэ и федерацэм и лIыкIуэ Безыр ХьэзрIт.

НАРТКЪАЛЭ и сабий-щIалэгъуалэ спорт школым и тренер-гъэсакIуэ Безырым къытекIуэн къаэхIакъым ильэс 50-55-рэ ныбжьым иту килограмм 76-рэ зи хьэлъагъэм.

Хьэзрит хагъэхьащ бэнэкIэ хуитымкIэ ветеранэм я дунейпсо чемпионатым хэтынухэм. Ар мы гъэм Словениемкъ щекIуэкIынущ.

Безырыр ди республикэм фIыуэ къыщащIыху бэнэкIуэщ: СССР-м спортымкIэ и мастерщ (1987 гъэ). Илъэс 5-нэ хьуауэ тренер лэжьыгъэм пэрытщ. Хьэзрит жыджэру яхэтащ езыр къыщащIыху Псыгуэнсу къуажэм дэс щIалэгъуалэр спортым дегъэхъэхыным зи зэфIэкI езыхьэлIаХэм. «Гладиатор» спорт клубми щылэжьащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Дауэ хабзэхэр ягъэзащIэрэ?

ЦIыхухэм я конституцэ хуитыныгъэхэр яхъумэн, абыкIэ гукъеуэ зиIэм яхуэзэн, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм щIэпхъаджагъэхэм ятеухуа хьыбархэр ягъэщIкIумэ къахутэн мурадкIэ, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм зэрызыхуагъаззэм зэрыхэплъэ щIыкIэм и Iуэхукlэ» Федеральнэ законымрэ «Урысей Федерацэм и прокуратурэм и органхэм зэрызыхуагъаззэхэм зэрыщыхэплъэмрэ цIыхухэм зэращIыщIэмрэ теухуа Хабзэр (Инструкцэр) къызэращтэм икIи ар зэрагъэзащIэм и Iуэхукlэ» 2013 гъэм щIышылэм и 30-м УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм къыдигъэкIа унафэ №45-мрэ зэрыщыбзыхуам тету, Щэджэм районым и прокуратурэм и лэжьакIуэхэр куейм и жылагъуэхэм цIыхухэм щаIоущIэ.

РАЙОНЫМ и прокурорым зэригъэбелджылам хуэдэу, щIыпIэ администрацэхэм я хэщIапIэхэм къуажэдэсхэр щрагъэблагъэ. Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу куейм и прокуратурэм мыкIуэфхэм иджы апхуэдэ Iэмал яIэщ. Прокурорхэм тхыгъэкIи зыхуагъаззэ хъунущ. Федеральнэ законодательствэм зэрыщыгъэувам тету, абыхэм и чэзум хэплъэнущ.

Щэджэм районым и прокуратурэм и лэжьакIуэхэр мы гъэм и ещанэ мазищым цIыхухэм зэраIущIэну графикыр:

Щыщхьэуlум и 18-м, и 25-м, и 29-м сыхьэт 11-м къыщыщIэдзауэ 14 пщIондэ Щэджэм Ищхъэрэ, Щхьэлыкъуэ, Лашынкъей, Хъущтэ-Сырт, Щэджэм Ипщэ къуажэхэм, фокIадэм и 9-м, и 10-м, и 15-м, и 19-м, и 26-м Щэджэм къалэм, Яныкъуей, Щэджэм ЕтIуанэ, Нартан, Зеездэ жылагъэхэм цIыхухэр щрагъэблагъэнущ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапlэ.

● ЩIэджыкIакIуэм и усэ

Нэхъ лъапIэ дыдэр

Мэгъагъэ розэхэр гухэхъуэу,
Сеплъыху къуэйуэ щIэныкъуэкъуэу.
Гъэгъахэм кIэншэу сахуохъуахъуэ
ИмыкIыжьыну я щIалэгъуэр.

Мы гупсысэм сыхуеIэ я розэм:
КъегъэщIыр псори къалэн гуэр я фарзу -
КъэкIыгъэм цIыхур егъашхэ,
Езы къэкIыгъэм и шхыныгъуэщ уэшхыр.

Къызэхызоплъыхьри мы дунейр,
Къысхуэлъагъукъым зыри тету лей.
Мы щIыгум псори къыщигъэщIыр
Зыхуеину защIэщ гъащIэр.

АтIэ, сыт цIыхур зыхуэныкъуэу
Зауэ къигъэхъейуэ щIэныкъуакъуэр?
ЩIым щытепщэнырщ мамырыгъэр
Нэхъ лъапIэ дыдэу яхэтыр гугъэм.

ЖЫГУН Ленэ.
Бахъсэн къалэ

Понэж Ахьмэд-Хъан

2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м игъуэ нэмысу дунейм ехыжащ Понэж Ахьмэд-Хъан Ибрэхьим и къуэр.

АХЬМЭД-ХЪАН 1957 гъэм щыщхьэуIум и 10-м Дзэлыкъуэ куейм хьыхь Дзэлыкъуэкъуажэ къыщалъхуащ. Абы и гъащIэр гъэнщIауэ щытащ Iуэхуфlэхэмкlэ. 1982 гъэм Къулыкъужьын трикотаж цехым, къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм Горячеводск художественнэ хьэпшыпхэр къыщыщIагъэкI фабрикэм, иужькIэ «Прогресс» производствэ кооперативым и правленэм и унафэщIу лэжьащ. 1993-1997 гъэхэм «Кавказинтернациональ» финанспромышленнэ корпорацэм, 2006 гъэм «Ростр - Кавказ Трейдинг» ООО-м я генеральнэ унафэщIу щытащ.

Илъэсибгъуи и кIуэцIкI, 1997 - 2006 гъэхэм, Ахьмэд-Хъан «Къэббалъкъгаз» ОАО-мрэ «Межрегионгаз» ООО-мрэ я унафэщIу лэжьащ. А илъэсхэм Ахьмэд-Хъан и унафэ щIэтащ лэжьакIуэ 2500-рэ. Iэхур зэрызэпилъытыфым, щIэныгъэ зэрыбгъэдэлъым, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зэрыщытым я фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр газкIэ къызэгъэпэща зэрызхъумкIэ Урысейм щыпэрытхэм ящыщ хъуащ абы щыгъуэ. А зэманым КъБР-м и закъуэт газыр и кьалэ, хэлъхьэ псомкIи нэзыгъэсыфар. Ахьмэд-Хъан мурад зыхуигъэувыжат республикэм и дэтхэнэ унагъэмэ, уеблэмэ кьуажэ пхыдзахэм щыпсэухэми газыр ялъигъэIэсыну, ар абы къехъулIат.

Понэж Ахьмэд-Хъан тIэунейрэ хэхащ КъБР-м и Парламентым и депутату. Къэрал дамыгъэхэр куэдрэ кьыхуагъэфэщащ. Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIар къызыгуриуэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми абы и гуащIэм пщIэ хуащIырт.

«Урысей къэралыгъуэм и зыужьыныгъэмрэ ар гъэбыдэныгъэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIам папщIэ» абы Пётр Езанэм и орденыр кьыхуагъэфэщащ. Зи Iэм дыщэ кьыпыщ» зэпеуэм абы «Дамэ зытет алъп» саугъэтыр къыщратат. Гуапагъэрэ цIыхугъэкIэ зи гур гъэнщIауэ щыта Ахьмэд-Хъан лъэIу иIэу кьыхуэкIуэ цIыхур зэи гулыытэнщIэу къигъанэртэкъым, мыхьэнэщхэу иритырт псапэ щIэным. Езыр къыщалъхуа Дзэлыкъуэкъуажэм спорт Iэхуущ IапIэ дригъэщIыкащ. И къуажэм щыIэ сабий къэфакIуэ гупым сыт и лъэныкъуэкIи зыщIигъакъуэрт. ЩIэлбэр Iэхунщэу зэрыщыам димыгъэтын, имыгъэлъэпэрэпэн папщIэ абы къэдгъэкIуэн.

Понэж Ахьмэд-Хъан Ибрэхьим и къуэр унагъуэлI нэст, адэ гумащIэт, ныбжьэгъу пэжт, хэкупсат. Ар ди гум илъынущ игъащIэкIэ... Дыхъощыгъуэ, тщыгъупщэркъым.

Понэж Ахьмэд-Хъан фIыуэ зыIутlагъуу щытахэр.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, Жьэкlэмыкъу Маринэ *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, Ширдий Маринэ *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, Гъурыжь Мадинэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Истэпан Залинэ, Хьагъэ Маритэ, НэщIэпыдкэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iэхущапlэхэм ядолжэныныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалIэта Iуэхутныгъэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм яэку ящуан яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущхэр щыщ. Печатым и хуитныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 2-нэ)*, Мырзэкъан ФатIимэ *(3, 4-нэ)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Къарей Элинэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.245 ● Заказ №1576